Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2023 соналъул 28 июль Рузман №30 (7791) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъуруш 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Республикаялъул бетIер - районалда

21 июлалда хIалтIулаб сапаралъ нилъер районалде щвана Дагъистан республикаялъул бетIер Сергей Меликов. Жиндирго сапаралда гьев щвана школалъе ва республикаялъулаб «БакIалъулаб жигараб байбихьи» программаялда рекъон гIадамазе хIухьбахъизе балеб паркалъе.

дандбана Дагъистан республикаялъул физкультураялъулгун спорталъул министр Сажид Сажидовгун ва проекталъулгун сметаялъул хIалтIаби гьаризе



районалъул росабалъе ва аслияб кIвар буссинабуна районалда ралел бакIазде. ТIинди щварав гьес лъикIаб къимат кьуна лъабкъого лъимералъе хIисаб гьабун бараб лъималазул ахалъе, 2018 соналъ бараб лъабнусиялда къого цIалдохъанасе бакI бугеб

Агъвали спортивияб комплекс баялъе санагIатаб бакIалъул хал гьабулаго, чара гьечIеблъун бихьизабуна гIурул мухъккун сангар базе ккей ва гьелъие квербакъизе бугин абуна республикаялъул бетIерас. Спорткомплес баялъул суал

тIадкъаял кьуна. Вертолеталда роржен гьабун районалъул бетIер Шамил ГIумаровас республикаялъул бетIерасда рихьизаруна ТIисси, КIванада ва Гьигьалъ росабалъ ралел школал. ТIисси ва КIванада рарал школаби, ругел гIунгутIабиги



2

## 26 июль-День Конституции Дагестана

**Уважаемые цумадинцы и гости района!**

Искренне поздравляю вас с государственным праздником -с Днем Конституции Республики Дагестан!




День Конституции Республики Дагестан -это наш государственный праздник, призванный объединять всех дагестанцев независимо от национальности, вероисповедания и социального происхождения, символизирующий многовековые традиции сплочения всего народа во имя достижения великих целей.

Ежедневным созидательным трудом мы вносим свой малый вклад в соблюдение принципов, провозглашенных в Конституции, в решение задач по сохранению и приумножению национального достояния, развитию экономики, социальной и культурной сферы республики, укреплению мира и стабильности в обществе.

От всей души желаю вам мира и добра, счастья и здоровья, благополучия и достатка!

**С уважением**
**Глава МР «Цумадинский район» Ш. А. Омаров**

## Конституциялъул къо кIодо гьабуна

25 июлалда райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана Дагъистаналъул аслияб къануналъул къо кIодо гьабураб, райдминистрациялъул аппараталъул ва цогидалги идарабазул хIалтIухъаби гIахьаллъараб данделъи.



Данделъи рагьана ва хадубккун бачана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадовас.

-Дагъистаналъул конституциялъ рахъккола халкъазул пикруялъул ва цIунула гьезул тIалабал. Гьеб ккола дагъистаналъул халкъазул миллияб ва динияб цолъи, гъудуллъи-вацлъи щулалъиялъе квербакъулеб аслияб къучI,-ян абуна Халилула МухIамадовас баркиялъулаб жиндирго кIалъаялда.

Данделъаразда байрам баркун кIалъазе рахъана райСобраниялъул депутатазул председатель МухIамад НурмухIамадов, районалъул прокуроросул заместитель ХIажимурад Арадахов, райдминистрациялъул правовияб отделалъул нухмалъулев Тимур Ибрагьимов.

Данделъиялъул ахиралда районалда бугеб лъималазулгун гIолилазул «ТIоцересезул багъа-бачари» гIуцIиялъул нухмалъулей ТIавус ЯхIяевалъул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана анцIилаункъо сонил ригьалде рахарал гIолилазе рохалилаб ахIвал-хIалалда паспортал кьей.

**Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ**

# Республикаялъул бетIер - районалда

1




ритIизарун, тIоцебесеб сентябралда цIалдохъаби къабул гьаризе хIадур рукIинги баян гьабуна ва тIадеги жубана Гьигьалъ школа балаго дандчIвалел захIматлъабазул. ЛъагIалил ахиралде школа хIалтIизе биччазе кколин лъазабуна Сергей Меликовас, амма подрядчикас рагIи кьуна 1 ноябралде хIалтIаби рагIалде рахъинаризе. Районалъул росаби газалдалъун хьезариялъул бицунаго, КIочIали газалъул мухъалда ругел гIунгутIаби ритIизарулаго гьарулел хIалтIаби рихьизаруна Сергей Меликовасда. Гъоркьгьаквари ва ТIадгъкквари росабалъе газ лъагIалил ахиралде щвезе букIиналда ракIчIезабуна районалъул бетIерас. Агъвали-Шаури-Кидеро шагьранухазда Дагъавтодоралъ къачIалел ва Хушет росулъе жиндирго гIарацги харж гьабун ГIабдурахIман Камиловас бахъулеб нухалъе лъикIаб къимат кьуна республикаялъул бетIерас. Кутакалда гIажаиблъи гьабуна гьес Хушетибе хIинкъи бугеб захIматаб бакIалдаса бахъулеб нух бихьидал.

ХIалтIулаб сапаралъул ахиралда Сергей Меликов щвана Силди росулъ НурмухIамадовазул хъизамалъ балеб гIемеррахъазулаб спортивияб комплексалде. Лъабго корпусалъул спортивияб комплексалда буго спортивияб зал, общежитие, столовая, мажгит ва гьалбадерил мина. Гьанибго базе бугин футбол ва баскетбол хIалеб байдаби,- ян бицана ХIабиб НурмухIамадовас. Цадахъго нусго гIанасев спортсмен къабул гьавулеб спортивияб комплекс рахьизе буго тIасияб соналъ.

ХIалтIулаб сапаралъул хIасил бачунаго Сергей Меликовас лъайкьеялъул министерствоялъе 1 сентябралда ТIинди росулъ лъималазул ах хIалтIизе байбихьизе кколин, цIибараб школалда байбихьул классазе пищеблок баялда тIад хIалтIизе ва Гьигьалъ балеб школалда гьабулеб хIалтIул битIахъегояб бербалагьиялде босизе тIадкъана.

Агъвали- Ботлих лъелмухъ бачиялъул, Эчеда-Силди токалъул мухъалда ремонталъулал хIалтIаби гьариялъул ва ТIинди росулъ лъел мухъалъе кумек гьабиялъул суалал профилалъулал министерствобазда тIадкъана.

**Заур Бадрудинов**

## Пикру

# ТIабигIиял сурсатал, бакIазул ресал ва шартIал...камураб щиб?

Иргадулаб сапаралъ къватIие яхъарай дир, гьаб нухалдаги бачIана гIемерал соназ диегоги, гьеб иш битIахъего тIаде кколезеги чанги кьолеб суал: бегьуларищ нилъер районалда советиял соназ Инхокъвари букIараб гIадаб санагIатаб, унтаразегун медицинаялъул хIалтIухъабазе шартIалги чIезарураб, росабазул гIадамазе хIалтIабиги рукIине анцIго-анцIила щуго чиясе хIисаб гьабураб участкаялъулаб больница базе?



Гьарзаго чвахун бачIунеб силдадерил даруяб иццда кIалги чIван лъим гьекъолелъул «цIилъараб» суал букIана гьеб, республикаялъул бетIер Сергей Меликов Силди щвараб къоялъ. Жакъа гIадинаб лахIзат гьалъие цоги щвеларин абун, загьир гьабуна райбольницаялъул бетIерав тохтур Хейруланам Дибирасулаевасеги дирго пикру, гьесги рахъ ккуна гьелъул.

-Дун кидаго район цебетIеялдаги, нилъехъ унтаразе шартIал чIезариялдаги тIад ургъулезул ва хIалтIулезул рахъккуразул тIоцебесеб кьерда вуго ва дур пикруги битIараблъун рикIкIуна,-ян абуна гьес.

-Дицаги рорхула гьединал суалал нижерго коллегиялда цереги, ва амма, дуцаго абухъе, ракIунтун гьеб суалалда тIад хIалтIи къадараб буго. ХIажат буго, киназго рахъги ккун, гьеб суал депутатазеги тIадчагIазеги чIалгIинегIан рахIатбахъи гьезиеги гьабун, цо рахънибе ккезабизе, федералияб бюджеталдасан сурсаталги риччан, хIукуматалъул идараби хIисабалда бакIал ралел ругони.

Жалго бетIергьанал хIисабалда цо-кIигояс рарал бакIал, киназулго берзулъ къан хутIула цинги, абулеб рагIиги камуларо, гьезул хайир гуреб, зарал лъиениги гьечIониги.

ХIакъикъаталдаги, щай бегьулареб хIукуматалъ гьеб суалалде кIвар буссинабизе: Хуштада-гIурухъ, ТIинди, Сасикь, Инхокъвари, Хъвайни, Силди, Метрада росабалъ тIабигIиял «нарзаназул» иццалги ругеб мехалъ? Щибго зарал букIинаро гурищ гьезул, цохIо пайда гурони: хIалтIулал бакIал гIадамазе щвей гуребги, яшав-магIишатги лъикIлъила, бича-хисигун даран-базарги цIикIкIина, росабазул социалиябгун экономикияб рахъ цебетIела, ракьал хIалтIизаризе, гIи-боцIухъанлъиялде кIвар кьезе халкъалъул гъира бала.

ТIабигIиял сурсаталги, щибаб бакIалъул шартIазда рекъон, ресалги руго гьединал бакIал разе.

ГIемер ракIалде щола КIванкьадаса тохтур-гирудотерапевт (гуренжал риччан сахгьари) ГIали Абуязидовасул анищазульго хутIараб Инхокъвариса гIемер рикIкIада гьечIеб рохьил расалъуда, лъарал рагIалда гуренжал риччан сахгьариялъул центр базе букIараб, амма цо-цо бюрократиял чиновниказул гьелдехун бугеб тIаса-масагояб бербалагьи бихьун, квер хьвагIун тараб пикру. Лъие гьелъул зарал букIараб, хайир гурони?! Жидерго кванирукъ сахгьабизе яги хъизан-лъималгун хIухьбахъизе рачIараз даран гуреб, базарищ гьениб гьабизе букIараб, дида бичIчIуларо?!

ГIемер бицунеб буго туризмалъул, аслияб пикруялдаса дагьай кьурилин. ХIукуматалъул руго гьелда хурхинарурал батIи-батIиял грантал. Гьал ахирал соназ чан грантха щвараб районалъул предпринимателазе? Гьебго суал буго росдал магIишаталда хурхунги. Къогоялдасанги цIикIкIун соназ ругел программаби руго, жеги рагIичIо районалда гьеб рахъалъ хIукуматалъ кумек гьабурав чи, хасго гIи-боцIухъанлъиялъул рахъалъ. (Дида рагIичIого, лъачIого ратизеги рес буго, гьалатI ккун батани, тIаса лъугьунги те, амма гьединал ишал цIакъго берзукь рукIунелъул халкъалъул... Улкаялда гуребги, цIар инабурал Гъунибгун Гьамсукь яги Гьооралдаса тIокIаб гурони, нахъе ккараб щиб бугеб нилъер районалъул? Гуро, дир щибго дагIба гьечIо нилъерго магIарул районазул машгьурлъиялда, хIатта, тIолго Дагъистанго лъикIаздаса лъикIазул цебесеб кьерда букIин мурад буго. Ва амма, бугониги, кир ругел нилъехъ гIадинал керчал рохьалги, даруял лъиназул иццалги, бечедаб тIабигIатги? Щай бегьулареб нилъецаги цебетIезабизе район батIи-батIиял экскурсиялъулал турал, сахгьариялъул пунктал, гьалбадерил рукъзал рагьунги?

Бечедаб буго нилъер умумузул тарихги, гIагараб ракьалъул тIабигIатги. Камураб щиб бугеб нилъехъ? ТIадчагIазул ракIунтараб дагьабго бербалагьи буго камун. ЦохIо жиндирго магIишаталъул ургъалида вукIинчIого, мадугьаласдехунги росу-ракьцоясдехунги, жиндиралда аскIобги гьадинабго берцинлъи букIине ккелин абун пикру гьаби буго камун. Гьеб берцинлъиги цебетIейги букIине ккани, хIалтIулал бакIалги, жалго бетIергьанал магIишатазе хIалтIул хIасилал лъикIал кколеб хIалалъ хIалтIизе гьира баледухъ дагьабниги ракIунтараб бербалагьи (гIарцулал сурсатаздалъун кIодо гьари) бугеб дандежавабги хIажалъиларищха?

НакIкIил рохьазул гьаваялдаса цIакъаб жо щиб ургьисалаби унтаразе? Сахгьариги хIухьбахъиги цадахъаб къагIидаялъулги рукъзал разе-рагьизе рес буго нилъер Хуштада ва Ункъракьалъул росабалъ.

Такрарлъулей йигинги ккола, ТIаса Бакълъухъа журналист Пайзула Пайзулаевасул «ЦIумал» абураб дир инсуе сайгъат гьабураб кочIол мухъаздалъун ахир лъела дир пикруялъул рахъ ккуралги рукIинин божигун (Силди росдал бегавул МухIамад НурмухIамадовасги добго къоялъ загьир гьабун букIиндал гьеб суалалда сверухъ жиндирго разилъи, гьелда тIад ургъилин ва хIалтIилин хадубккунин абун рагIиги кьун букIана) гьаб накъиталъе.

**Ракьалда цIар рекъараб,**
**ЦIаралда халкъ рекъараб,**
**ЦIумада гIадинаб бакI,**
**Божа, магIарухъ гьечIо...**

ТIокIабги кинаб дандекквей букIинеб районалъе кьолеб къиматалъе?! Ургъизе ккела нилъ гьеб суалалда тIад. Гьелдасаги кIвар бугелги суалал рукIинги лъала, бичIчIула, ва амма гьездехун нахътIамун течIого кIвар буссинабизе республикаялъул БетIерас жиндирго аппараталъул хIалтIухъабазе добго къоялъ тIадкъаял кьун ругелъул, абухъего, балагьун чIелин, хIасил ккеялда хьулгун ва нилъ хIалтIилин сахгьариялъулгун хIухьбахъиялъул минаби раялда тIад.






**Хадижат Залимханова**

Рищиял - 2023

# Рищиязде хIадурлъиялъул бицана



20 июлалда райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана 2023-2028 соназ тIоритIулел рищиязул хIалтIи гIуцIиялда хурхарал суалал рорхараб семинар. Гьеб рагьана ва бачана районалъул рищиязул территориалияб комиссиялъул председатель МухIамадсаид Гъазиевас. Гьениб гIахьаллъи гьабуна цIигьарун гIуцIарал участковиял рищиязул комиссиялъул председателазгун заместителаз, республикаялъул рищиязул комиссиялъул хIурматияв член ХIажимурад НурмухIамадовас.

ХIажимурадица рищиязул къанунazда сверухъ ккарал хиса-басиязул ва гьеб рахъалъ бугеб жиндирго хIалтIул хIалбихьиялъул бицана.

Рищиязул законазда, гьаракь кьолеб къоялъ участковияб комиссиялъул хIалтIи гIуцIиялъул ва гьелъул ишал тIураялда сверухъ ругел суалазе бичIчIикьеялъулал баянал гьаруна семинаралда.

Хасаб кIвар кьуна семинаралъул гIахьалчагIазе щвараб лъай пайда босун хIалтIизабизе хъулухъалъулаб хIай тIобитIиялде. Гьеб хурхинабун букIана рищиязул гIахьалчагIазул гьаркьал (бюллетенал) рикIкIиналда, рищиязул хIасилазул протоколал хъваялда ва гьезул гIаммал хIасилал рачараб дандельи тIобитIиялда.



**Заур Бадрудинов**

ГIолилазул ишал

# Пайдаяб дандчIвай

Агъвали гимназиялда цебе рагьараб риидалил хIухьбахъиялъул лагералда ругел лъималгун пайдаяб дандчIвай тIобитIана районалъул прокурорасул заместитель ХIажимурад Арадахов.

Дагъистаналъул Конституциялъул къоялда хурхун тIобитIараб данделъиялда гьес гIун бачIунеб гIелалъул лъай-хъвай гьабуна гIадамазул аслиял ихтиаразул ва гьезул тIалабал цIуниялъул кьанунаzулгун, бицана байрамалъул тарихалъул.

Данделъиялда «ТIоцересезул багъа-бачариялъулазе» рес




щвана жидеего кIвар цикIкIарал суалал кьезе ва гьезие мухIканал жавабал щвезе.

**ТIавус ЯхIяева**

# Кивго цересезул кьерда




Гьигьихъа Загьид Мусаев лъикIал къиматазда Агъвали гимназияги лъугIизабун цIализе лъугьана ДГУялъул экономикияб факультеталде. Школалдаго гIадин, университеталдаги цересезул кьерда вукIана гьев цогидазе мисалияб куцалда ва «багIараб» дипломалда лъугIизабуна гьеб.

ГьабсагIат хIалтIулев вуго Россиялъул Президент Владимир Путинил хIукмуялдалъун гIуцIараб «ТIоцересезул багъа-бачари» гIуцIиялъул республикаялъулаб комитеталда, жигарараб гIахьаллъи гьабула ДГУялъул ва республикаялъул жамгIиял хIалтIабазулъ. Университеталда цIалулагоги гьев хIалтIана гIолилазул ишазул комитеталъул нухмалъулевлъун, ДГУялъул КВНалъул тIасабищараб командаялъул капитанлъун, вахъана МахIачхъала шагьаралъул гIолилазул парламенталъул депутатлъун.

ХIалтIудаса эркенаб заманалда Загьидица лъазабулеб буго звукорежиссерасул хIалтIиги.

Нилъ чIухIизе ккола Загьид гIадинал, гIун бачIунеб гIелалъ мисал босизе мустахIикъал гIолохъаби нилъер рукIиналдаса. Гьаризин гьесие гьабулеб ишалъуль икъбал, хадубккунги хIалтIулъ бергьенлъаби ва хъулухъалъулал болъабазул борхалъуде вахин.

**Зульфия Сажидова**

Дин ва гIумру

# Умумузул нух ккун хьвадизин

Ассаламу гIалайкум варахIматуллагьи тагIала ва баракатугъу. Хириял диналъул вацал ва яцал! Гьаб ахираб заманаялъ нилъеда лъазе кколел гIамалазул цояб буго умумузул хьвада-чIвади ва лъил нух ккун гьел хьвадарабали, ай, салафу ссвалихIиназул тIабигIатгIамал.

Нужеда лъай, диналъул вацал ва яцал, нужедаги дидаги Аллагьу тагIала гурхIаял, балугъльиялъиялде рахаразе ва гIолохъабазе бищунго кIвар буссинабизе ккараб иш букIин берцинаб тIабигIат чорхоль бесси ва квешаб (щайтIан бергьараб) тIабигIат нахъе рехи.

Ибну Сайринидаса буго цересел мутагIилзабаз лъикIаб тIабигIаталдаги берцинаб хьвада-чIвадиялдаги тIадчIей гьабулин гIелму лъазабиялда тIад яхI бахъулеб гIадин абун.

ХIабиб бин Шагьидидаса буго: «Я дир вас, дуца гIалимзабигун гьалмагълъи, гьезул адаб гьабе ва гьезда хадусеб тIабигIатгIамал бице. Мун адаб- хьатир бугев лъугьизе бокьила дие, гIемераб жо лъалев вахъиналдасаги»,- абун. ТIадегIанав Аллагьас Аварагасе (с.т.гI.в.) рецц гьабун абуна: «Мун цIакъ къадру кIудияб тIабигIатгIамалалда вуго»,-абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв Аварагас абуна: «Дун витIун вуго бищунго лъикIал тIабигIатал тIуразаризе»-абун, ай умматалъе гьел тIабигIатал нухлъун лъезе.

Аллагьас нилъги ахIана гьесда нахърилъине. ХIакълъунго, нилъеда тIадаб буго Аллагьасул аварагасда нахърилълъин, Аллагь разилъи тIалаб гьабун, гьев гIемер рехсей.

Гьединлъидал асхIабзаби ва тIабигIинал (АсхIабзабазда хадусеб гIел) ва салафу ссалихIинал (тIабигIинал ва гьезда хадусеб гIел) Аварагасда нахърилълъана ва гьесул нухги ккуна, гьес гьабеян амру гьабурабги гьабуна, теян абураб тана.

Долдаса хадуб гIемерал соналги ана, лъималги чвахана, хиса-басиялги ккана, гIадамалги динги тун, дуниял тIалаб гьабиялде руссана, свалихIиназул тIабигIат-гIамалги гIадамазул хьвада-чIвадиялъулъан тIагIун ана. Гьединлъидал, вагIза-насихIат гьабеянги, цо дару-сабаб гьелъул камиларинги бугелъул, дица къасд гьабуна дол лъикIал гIадамазул тIабигIат-гIамал бицун гьитIинабо насихIат гьабизе. Нилъецаги, ин ша Аллагь яхI бахъила гьел хьвадараб нухдасан ине.

**ХIажиев ХIажияв,** Хуштада росу

# Щайих ГIабдурахIимие

Дида ккола сардилъ рихьулел цIваби
Бичас инсан рикIкIун раккарал ругин,
Амма дозул канлъи, кенчIолел чIорал
ЧIагояв лагъасул гIибадат бугин.

Доле магърибалда бихьула канлъи
Кинабго дуниял гвангъизабураб.
Гъазават гьабурал, нужерги тIокIав
ТIагьаца тIокIкI гьавун ватила гьенив.

Гьесул канлъи буго кибго тIибитIун,
ТIупун накIкI лъуниги жиб тIагIулареб.
Гьесул канлъи буго жиб абадияб,
Аза-азаразул ракIал гвангъараб.

Зодов валагьула - ракI пашманлъула-
Дие баккараб цIва кибдай бугоян.
КенчIолел рихьула - хьул халалъула,
Хал гьабун свакала ссун батилилан.

Къасиги бихьана цо гвангъараб цIва
КенчIолел чIоразул тIагIинго гьечIеб.
ЛъикIго хал гьабидал дида бичIчIана
Дол чIоразул канлъи гIагараб букIин.

ГIемераб заманалъ гIажаиблъана,
Батиларин абун тIаде вахъана,
Доб цIваялъул чIоралъ дида шурана
Шейх ГIабдурахIимил канлъи бугилан.

ХIикматлъи гьабидал, гьури хехлъана
Гьединал бахIарзал гIемер гьечIилан.
Пенеккун дун чIедал тIаде жубана
БацIцIадаб гIибадат, гIелму течIилан ...

Берцинаб гьимигун гьайбатаб гьумер
ГьебсагIат бачIана сипатлъун цебе.
Васигат гьабуна Аллагь ккв ейилан,
Аллагьасул Илчи кIодо гьавеян...

Мунагьал чураги, Аллагь гурхIаги,
Алжан насиб гьабун вохизавеги.
Гьале лъагIел ана мун аралдасан
ГIажаибав гьудул! ЦIар арав гIалим..

**МухIамадхIабиб СагIадуев,** Сасикь росу

## Дандеруссинал

# Нилъер къуват - цолъиялъулъ

25 июлалда «Россия-дир тарих» тарихияб ахикь (парк) тIобитIана «Нилъер къуват-цолъиялъулъ, нилъер бечелъи-гIемеррахъазулъ» ахIиялда гъоркь тарихиябгун патриотикияб «Россиялъул тарих-Дунялалъул тарих» абураб Дагъистаналъул миллияб политикаялъулгун диниял ишазул министерствоялъул, Россиялъул рагъулабгун тарихияб гIуцIиялъул Дагъисталалда бугеб отделениялъул, Дагъистаналъул руччабазул цолъиялъул ва рагъулгун захIматалъул ветераназул цолъиялъул гIахьалчагIазул цадахъаб форум.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна Украинаялда бугеб ха-




саб рагъулаб тадбиралъул гIахьалчагIазул ва гьенир чIваразул улбуз, «Юнармия» жамгIияб гIуцIиялъул хIаракатчагIаз ва хIукуматалъул идарабазул ва районазул администрациязул аппаратаздаса вакилзабаз.

-Данделъиялда борхараб аслияб суал букIана умумузул тарих битIун бичIчIи ва ракIазулъ цIуни, патриотикияб лъай ва тарбия гIолилазе кьей, КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул къимат-къадру цIуни,-ян бицана нилъер районалдаса гьениб гIахьаллъи гьабурай райархивалъул нухмалъулей ХIалимат АхIмадовалъ. - Миллияб политикаялъулгун диниял ишазул министр Энрик Муслимовас тадбир рагъулаго ва гIахьаллъаразе салам кьолаго, Сергей Меликовасул рахъалдаса баркала загьир гьабуна кIвар цIикIкIараб тадбиралда гIахьаллъиялъухъ ва бицана гьабсагIат гьелъул бугеб кIваралъул.

«Нилъеда бихьулеб буго жакъа улкаялда бугеб ахIвал-хIал, лъала дунялалдаго Россиялъул бугеб кIвар. Жакъа улкаялъе захIмат буго кинабго бачинеги, киналдаго дандечIей гьабизеги, гьединлъидал нилъ рукIине ккола гьелъул мугъчIвалеб хIубилъун ва бегьизе ккола кумекалъулаб квер.

Нилъеда тIадаб буго ВатIан бокьизе, бихьулеб буго рагъул цебесеб кьерда намус бацIцIадго кинаб бахIарчилъи ва къохIехьей бихьизабулеб бугеб нилъер вацазгун васаз-дагъистанияз.

Кинаб лъай инсанасул бугониги, гьитIинаб къоялдаса нахъе гIагараб ракьалде рокьи гьесулъ куцачIони, захIмат букIуна гьесда гьеб бичIчIизабизе: мацIги, цIарги, ракьги бокьизабизе ва гьелда сверухъ киналго миллаталги цолъизе ккола. Нилъер къуват цолъиялъулъ буго»,-ан ахир лъуна жиндирго цебегIиялъе тадбиралъул ва гьелъул кIваралъул, гьабсагIат улкаялда бугеб ахIвал-хIалалъул, дагъистаниязул бахIарчиялъиялъул, гьезул гIолохъанго абадиялъе тарихалде арал хвел гьечIел цIаразул, ВатIан бокьизе ккеялъул, гьелде гIисинаб гIел куцазе ккеялъул бицунаго Энрик Муслимовас.

Багьадурал васал куцарал ва гIезарурал улбузе баркала кьеялдаса, гьезулгун рохелги къварилъиги цадахъ гIахьал гьабулел дагъистанияздаса жийго чIухIарай йикIиналдаса байбихьана Дагъистаналъул жамгIияб палатаялъул член Интизар Мамутаевалъги жиндирго цееяхъин.

-Фазул ГIалиевалъ абухъе, хирияб КагIбалъун Эбелги ВатIанги кколел нилъер тIадаб борч буго гьел цIуни ва гьеб хъизаналда щвараб тарбиялъул аслу ккола,-ян абуна гьелъ.

Гьединабго магIнаялъул ва патриотизм гIун бачIунеб гIелалъулъ куцаялда хурхинабурал рукIана форумалда церерахъарал цогидазулги кIалъаял.

Тадбиралда рукIана музыкалиял церерахъинал, гьединго гIахьаллъаразе рес щвана «БахIарзазул лъудби» абураб фотограф Алена НурмухIамадовалъул суратазул цебелъей бихьизеги.

**Хадижат Залимханова**

## Конкурс

### Конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения

Решением Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет «Верхнегакваринский» от 27.07.2023 г. №2 на 5 сентября 2023 года объявлен конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет «Верхнегакваринский».

Приём документов будет осуществляться со дня опубликования настоящего объявления в газете «Голос Цумады» до 24 августа 2023г. в администрации сельского поселения «сельсовет «Верхнегакваринский», в рабочие дни с 9-00 до 12-00 и с 13-00 до 17-00 часов.

Для участия в конкурсе кандидат представляет лично следующие документы:

1) личное заявление на участие в конкурсе;

2) собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографий 4 х 5 - 3 шт;

3) паспорт или заменяющий его документ;

4) документы, подтверждающие профессиональное образование, стаж работы и квалификацию (при наличии):

- документ о профессиональном образовании;

- трудовая книжка или иной документ, подтверждающий трудовую (служебную) деятельность гражданина;

5) сведения о доходах полученных кандидатом, его супругой (супругом), несовершеннолетними детьми, принадлежащем им имуществе, вкладах в банках, ценных бумагах.

6) согласие на обработку персональных данных

Также подаются копии всех документов, указанных в подпунктах 3 и 4.

В качестве конкурсного задания кандидат представляет разработанную программу на улучшение социально-экономической ситуации в сельском поселении.

Программа обязательно должна содержать:

1) оценку текущего социально-экономического состояния сельского поселения;

2) описание основных социально-экономических проблем сельского поселения;

3) комплекс предлагаемых кандидатом мер, направленных на улучшение социально-экономического положения и решение основных проблем сельсовета;

Программа подписывается кандидатом и представляется Комиссии в день проведения конкурса.

Иные условия и порядок проведения конкурса, формы необходимых для участия в конкурсе документов утверждены решением Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет «Верхнегакваринский» от 08.07.2015 г. №8 «Об утверждении Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения».

Дополнительную информацию можно получить в отделе правовой работы и информационных технологий администрации муниципального района «Цумадинский район».

**Г. Сулейманов**, и.о. главы сельского поселения

Утерянный аттестат об основном общем образовании № 00518002338234, выданный 29.06.2021 г. Тиссинской средней общеобразовательной школой Цумадинского района на имя Ниматулаева Магомеда Гусейновича, считать недействительным.

## Цумадинская футбольная лига-2023
## Турнирная таблица

| № | Команда | И | В | Н | П | Г | РГ | О |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | * Тинди | 6 | 6 | 0 | 0 | 43-13 | 30 | 18 |
| 2 | Гочитли | 6 | 5 | 0 | 1 | 30-14 | 16 | 15 |
| 3 | Агвали | 6 | 5 | 0 | 1 | 28-21 | 7 | 15 |
| 4 | Кочали | 6 | 4 | 1 | 1 | 32-20 | 12 | 13 |
| 5 | Гигатли-Урух | 6 | 4 | 0 | 2 | 35-19 | 16 | 12 |
| 6 | Хуштада-Урух | 6 | 3 | 2 | 1 | 22-16 | 6 | 11 |
| 7 | Тисси | 6 | 3 | 0 | 3 | 23-21 | 2 | 9 |
| 8 | Гадири | 6 | 2 | 1 | 3 | 24-25 | -1 | 7 |
| 9 | Хуштада | 6 | 2 | 1 | 3 | 20-21 | -1 | 7 |
| 10 | Кеди | 6 | 2 | 1 | 3 | 29-28 | 1 | 7 |
| 11 | Ветераны (Агвали) | 6 | 1 | 0 | 5 | 23-62 | -39 | 3 |
| 12 | Маштихи (Агвали) | 6 | 0 | 2 | 4 | 19-29 | -10 | 2 |
| 13 | Ричаганих | 6 | 0 | 2 | 4 | 19-42 | -23 | 2 |
| 14 | Нижнее Гаквари | 6 | 0 | 0 | 6 | 10-26 | -16 | 0 |

## Результаты 6 тура
## 22 июль

| | | |
|---|---|---|
| Ричаганих | 0:10 | Гочитли |
| Хуштада-Урух | 3:0 | Нижнее Гаквари |
| Ветераны (Агвали) | 3:14 | Гигатли-Урух |
| Гадири | 3:3 | Хуштада |
| Маштихи (Агвали) | 2:6 | Тинди |
| Тисси | 2:5 | Кочали |
| Агвали | 4:3 | Кеди |

## Расписание матчей 7 тура
## 5 август

| | | |
|---|---|---|
| Кеди | 14:00 | Нижнее Гаквари |
| Кочали | 15:00 | Ричаганих |
| Гочитли | 16:00 | Ветераны (Агвали) |
| Агвали | 17:00 | Маштихи (Агвали) |
| Хуштада-Урух | 18:00 | Гадири |
| Тинди | 19:00 | Тисси |
| Хуштада | 20:00 | Гигатли-Урух |

## МагIарулал щал кколел?

МагIарулал щал кколел? МагIарулал гьел ккола
Кьалбал мугIрузда риччан, магIарухъ чIарал чагIи.
МагIарулалин абун, мегIер абураб рагIул,
МагIарул мацIалдаса лъугьараб миллат буго.
Эркенлъи цIакъ бокьулел, хIинкъи-къай чорхолъ гьечIел.
Чармилал кьурабазул, къвакIи чорхолъ бессарал,
КIигIаркьелаб мацI гьечIел, кьураб рагIи холарел.
Гьобол - гьудул хирияб, гIадатияб халкъ буго.
Кин гьел мугIрузде ккарал? Халатаб къиса буго
Лъийго мутIигIлъичIого, щулалъи цIехон анин.
Нагагьлъун тушманасе бетIер къулизе ккани,
БотIрода лъураб тIагъур бортилин хIинкъун чIанин.
Аллагьасе гурого къуличIел гьезул бутIрул
Къулизе ккеялдаса, хIинкъун анин магIарухъ.
Къуватав тушманасе хонжрол къуват гIечIелъул
Яргъил бакIалда гамачI хIалтIизабилин анин.
ГIицIаб кьурул парсабахъ тушман вачIизе гьечIин,
РачIаралги гъурилин, пикруги гьабун анин.
Улка ракь цIунулаго, гIемер къоги бихьанин.
ГIорал багIарлъизегIан, биялги гIодор тIунин.
Гьеб хIалалда гIуцIараб, магIарулазул улка.
ЩIунизе къуват кьейги, гIун бачIунеб гIелалъе.

**МухIамад Коратов,** ТIинди росу

Утерянный аттестат о среднем общем образовании № 518000270029, выданный 16.07.2015 г. Агвалинской средней общеобразовательной школой Цумадинского района на имя Абдурахманова Шагрурамазана Магомедовича, считать недействительным.

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44
Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЩIумада район, Кьенгьара росу Заводалъул къватI, 4

«ЩIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЩIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1240
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maiI.ru